



BYENVINI NAN NEW JERSEY

ETA JADEN AN!

Enfòmasyon pou moun ki fèk vini yo

Dènye mizajou fevriye 2026

NEW JERSEY HUMAN SERVICES



Sa a se yon dosye akèy ki gen yon seri resous ki la pou ede ou menm ak fanmi ou. W ap jwenn enfòmasyon sou resous ak sèvis tankou sèvis legal, èd alimantè ak èd nan salè, swen sante ak sèvis sante mantal, enskripsyon nan lekòl, jwenn yon kat idantifikasyon pou eta a, ak transpò. Tout sijè yo gen lyen ki ap voye w sou sit entènèt yo endike yo. Genyen depliyon ak kontak tou konsènan diferan sèvis ak resous ki disponib pou rezidan New Jersey yo.

Tabdèmatyè

Ou Bezwen Asistans Legal?	5
Founisè sèvis jiridik legal pou asistans jeneral	5
Sèvis legal pou sa ki konsène imigrasyon pou minè oswa jèn ki pa akonpaye	5
Founisè Sèvis Legal Pro Bono (gratis) pou Imigrasyon yo la	5
Fè demann azil	6
I-94s.....	6
Ou bezwen Èd Alimantè oswa nan Revni?	6
Gadmanje.....	6
Pwogram, Fanm, Nourison ak Timoun (Women, Infants, and Children, WIC)	6
Pwogram Èd Siplemanntè nan New Jersey (New Jersey Supplemental Assistance Program, NJSNAP).....	7
Asistans tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, TANF).....	7
Asistans Jeneral (GA).....	7
Ou preyokipe pou akseptasyon avantaj yo ak "chaj piblik la?"	7
Bezwen Swen Sante ak Sipò pou Sante Mantal?	7
Sant Sante Gouvènman an Otorize (Federally Qualified Health Centers, FQHCs).....	7
Pwogram Èd pou Pèman Asistans Ospitalye nan New jersey	8
Sipò pou Sante Mantal.....	8
Kouvèti medikal	8
Elizibilite Imigran yo pou Medicaid	8
Pwogram Pèman Ijans Medikal.....	8
Kòman mwen ka aplike pou yon Pwogram Pèman Ijans Medikal pou rezidan san papyè?	9
Get Covered NJ - asirans maladi gras ak Lalwa sou Swen Abòdad	9
Ou Bezwen Enskri Timoun Ou an Lekòl?.....	9
Vaksinasyon	10
Ou Bezwen Idantifikasyon?.....	10
Ou bezwen Transpò?	10
Ki kote mwen ka jwenn enfòmasyon konsènan tarif yo?	10
Kisa k ap pase si mwen dwe vwayaje an deyò New Jersey, New York ak Philadelphia?	11
Bagay ou Dwe Konnen sou Lwa kont Diskriminasyon, Dwa nan Espas Travay ak Resous New Jersey	11

Resous Anplis

- Resous Depatman Sèvis Sosyal New Jersey ([Anglè](#), [Espanyòl](#))
- Biwo Sèvis pou Nouvo Ameriken yo nan New Jersey ([Bileng: Anglè, Espanyòl](#))
- Lis Founisè Sèvis Legal Gratis Nan New Jersey ([Anglè](#))
- Èd Alimantè ak Nitrisyonèl pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Women, Infants, and Children, WIC) ([Anglè](#), [Espanyòl](#))
- Konsèy Sèvis Sosyal Konte a ([Sit entènèt DHS](#))
- Sant Sante ki Kalifye nan Nivo Federal ([Sit entènèt DOH](#))
- Vaksinasyon K-12 Depatman Sante New Jersey ([Anglè](#))
- Sèvis Legal pou timoun migran ki pa akonpaye yo ([Bileng: Anglè, Espanyòl](#))
- Pwogram Edikasyon pou Timoun ak Jèn ki Sanzabri ([Sou sit entènèt Distri a](#))
- 5 Bagay Ou Dwe Konnen Sou Lwa New Jersey ak Diskriminasyon ([Anglè, Espanyòl](#))
- 5 Bagay ou ta dwe konnen sou pwoteksyon kont diskriminasyon nan lekòl ([Ang.](#), [Esp](#))
- Sant Resous pou Fanm Ispanik yo ([Anglè, Espanyòl](#))
- Vòl Idantite ak Eskwokri ([Anglè, Espanyòl](#))
- Evite Fwod Sèvis Imigrasyon yo ([Anglè, Espanyòl](#))
- Fwod sou ti Granmoun ([Anglè, Espanyòl](#))
- Salè pa èdtan nan New Jersey ([Anglè](#))

Ou Bezwen Asistans Legal?

Li enpòtan pou w konprann sitiyasyon imigrasyon ou ak ki opsyon ki disponib pou ou menm ak fanmi ou pou nou ka chèche èd imigrasyon. Men kèk resous si ou bezwen sipò legal.

Si w ap chèche azil, ka w la ka twouve l nan diferan etap nan pwosesis demann azil la epi yo ka rele w nan yon odyans nan tribinal New Jersey oswa yon lòt eta. Men kèk resous ak [enfòmasyon](#) ki enpòtan pou ou.

Remak: Ou ka aprann plis sou pwochen etap ou a nan sa ki konsène imigrasyon ak dat odyans ou a nan tribinal lè w rele 1-800-898-7180 oswa lè w vizite [sit entènèt sa a](#). Ou kapab klike [la](#) tou pou jwenn enfòmasyon sou sit entènèt Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) pou moun ki te libere anba gad ofisyèl imigrasyon yo sou fwontyè sidwès Etazini an epi ki te resevwa enstriksyon pou yo ale nan yon Biwo Kontwòl Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (Immigration and Customs Enforcement, ICE).

Founisè sèvis jiridik legal pou asistans jeneral

Ou ka rele òganizasyon yo pou yon konsiltasyon oswa konsèy; tanpri sonje ke reprezantasyon pa nenpòt nan òganizasyon sa yo depann de kapasite yo epi li pa garanti.

Komite Sèvis Zanmi Ameriken (AFSC)

973-643-1924

Rele pou mande yon konsiltasyon telefòn detansyon

(konsiltasyon yo pwograme chak

Madi ant 2:00 pm – 4:00 pm)

973-474-9861 Apèl ki gen rapò ak detansyon
(Rele nan madi/jedi ant 2:00 p.m. – 4:00 p.m.)

973-474-9861 Apèl ki gen rapò ak detansyon
(Rele nan Madi/Jedi ant 2:00 pm ak 4:00 pm)

Sèvis Legal New Jersey (LSNJ)

1-732-572-9100 ekstansyon 8782

(nan tout eta a, imigrasyon san zafè)

1-888-894-0612

Pou moun ki arete oswa lòt

apèl ki gen rapò ak detansyon (Rele lendi 10:00am - 12:00pm ak 2:00pm - 4:00pm,

Mèkredi ak vandredi 2:00pm - 4:00pm)

Portal admisyon sou entènèt (pou moun ki pa kenbe yo zafè imigrasyon ak lòt zafè legal sivil):

<https://lsnjlawhotline.org>

Sèvis legal pou sa ki konsène imigrasyon pou minè oswa jèn ki pa akonpaye

Gen konsèy legal gratis ak kowòdinasyon sèvis sosyal ki disponib pou timoun ak jèn migran ki pa ko gen 21 lane ki rive nan New Jersey antanke minè ki pa akonpaye k ap chèche refij.

[Timoun ki bezwen pou yo defann yo](#): Rele oswa ekri nan 201-305-9217, oswa voye yon imel nan UACscreening@njcic.org

Founisè Sèvis Legal Pro Bono (gratis) pou Imigrasyon yo [la](#)

Fè demann azil

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini Enfòmasyon sou demann azil

Si w kalifye pou w jwenn azil, ou ka gen pèmasyon pou w rete Ozetazini. Pou w fè yon demann azil, ou dwe depoze yon [Fòmilè I-589, Demann Azil ak Refi pou Deplase \(Application for Asylum and for Withholding of Removal\)](#), yon ane apre ou fin antre Ozetazini. Ou ka mete konjwen ou ak pitit ou ki Ozetazini nan demann azil ou a nan moman ou ap depoze l oswa nenpòt lè jiskaske yo pran yon desizyon final sou ka w la. Pou w ka mete pitit ou a nan demann ou an, timoun nan pa dwe gen 21 lane epi li pa dwe marye.

Si w gen yon demann azil ki annatant, ou ka elijib pou w fè yon demann pou **otorizasyon travay**. Pou w aplike, ou dwe ranpli Fòmilè I-765, Aplikasyon pou Otorizasyon Travay (Application for Employment Authorization), 150 jou apre ou fin fè demann azil ou a. Ou pa elijib pou w resevwa yon Dokiman Otorizasyon Travay (Employment Authorization Document, EAD) toutotan demann azil ou a pa gen omwen 30 jou annatant ankò, sa ki bay yon total 180 jou, yo souvan rele Revèy EAD Azil 180 Jou (180-Day Asylum EAD Clock).

I-94s

Yon [Fòmilè Elektwonik I-94](#) se yon dosye admisyon ki gen ladan l dat ou antre Ozetazini, estati w, ak dat depa w, si w te antre avèk dokiman enspeksyon/antre ki valid. Si w pèdi dokiman sa a, ou ka re pran li [la](#).

Ou bezwen Èd Alimantè oswa nan Revni?

Gadmanje

Anpil gadmanje ak soup popilè ka ede w jwenn yon repa gratis oswa manje ki ka gate. Pou w jwenn yon gadmanje oswa yon soup popilè touprè w rele oswa ekri yon mesaj tèks nan 2-1-1. NJ 211 bay asistans chak jou an dirèk 24/24. Sèvis sa gratis, konfidansyèl epi nan plizyè lang. Ou ka sèlman konpoze 2-1-1, voye kòd postal ou nan yon mesaj tèks bay 898-211), oswa [diskite anliy](#). Kenpòt metòd ou chwazi a, w ap pale ak yon espesyalis nan resous kominotè ki fòme nan sistèm federal, etatik, lokal ki la yo pou ede w.

Pwogram, Fanm, Nourison ak Timoun (Women, Infants, and Children, WIC)

WIC bay èd alimantè ak nitrisyonèl pou fanm ansent ak timoun jiska 5 lane. Sèvis WIC yo disponib kenpòt estati imigrasyon an. Ou ka aplike nan yon [biwo WIC](#). Pou w jwenn youn toupre w, klike [la](#).

Fich enfòmasyon sou WIC yo disponib nan plizyè lang [la](#)

Pwogram Èd Siplemanntè nan New Jersey (New Jersey Supplemental Assistance Program, NJSNAP)

NJSNAP ède fwaye ki elijib yo pou yo achte manje nan episri oswa mache fèmme. Fanmi ki elijib yo ak imigran ki kalifye yo ka aplike pou NJSNAP sou entènèt lè yo vizite [NJHelps.gov](https://njhelps.gov) oswa lè yo ale nan [ajans sèvis sosyal konte lokal yo a](#).

Asistans tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, TANF)

TANF bay èd finansye tanporè ak èd pou lojman an ijans pou fanmi ki elijib yo ki gen timoun pou yo ka reponn ak bezwen de baz yo. Fanmi ki elijib yo ak imigran ki kalifye yo ka aplike pou TANF lè yo vizite [NJHelps.gov](https://njhelps.gov) oswa lè yo ale nan [ajans sèvis sosyal konte lokal yo a](#).

Asistans Jeneral (GA)

GA bay yon èd tanporè an espès oswa yon èd pou lojman an ijans pou moun ki selibatè ki elijib yo pou yo ka reponn ak bezwen fondamantal yo. Imigran ki elijib yo ka aplike pou GA lè yo vizite [NJHelps.gov](https://njhelps.gov) oswa lè yo ale nan [ajans sèvis sosyal konte lokal yo a](#).

Ou preyokipe pou akseptasyon avantaj yo ak "chaj piblik la?"

Gen kèk fanmi imigran ki pè ke aplikasyon pou benefis tankou manje, lojman ak asistans swen sante ka gen enpak sou kapasite yo pou jwenn yon kat vèt. Sèten moun ki aplike pou yon kat vèt oswa yon viza dwe pase tès "chaj piblik" kote ofisyèl imigrasyon yo evalye chans yon moun genyen pou l depann de benefis piblik yo. Chaj piblik la pa aplike pou tout moun.

Anba règleman aktyèl sou chaj piblik la, kalifikasyon kèk fanmi imigran pou benefis piblik tankou manje, asistans swen sante, ak pwogram sipò lojman pa chanje.

Si ou pa sèten si Chaj Piblik la aplike pou ou oswa yon manm fanmi ou, tanpri konsilte avèk yon avoka imigrasyon. Sèvis legal gratis disponib atravè Pwogram Sèvis Legal Biwo Nouvo Ameriken yo, oswa ou ka jwenn yon founisè sèvis legal pro bono (gratis) isit la.

Bezwen Swen Sante ak Sipò pou Sante Mantal?

Sant Sante Gouvènman an Otorize (Federally Qualified Health Centers, FQHCs)

FQHC yo se sant sante kominotè ki bay sèvis swen sante gratis oswa a ba pri pou moun ki pa gen asirans medikal. Sant sante yo ofri yon varyete sèvis ki gen ladan yo:

- Swen Sante Primè ak Prevantif Konplè
- Sèvis Pedyatrik
- Swen Dantè
- Sante Fanm
- Sante Mantal/Konpòtmantal
- Sèvis Laboratwa
- Konsèy ak Depistaj VIH/SIDA
- Ak plis toujou.

Sant sante yo lokalize nan tout Eta a. Pou lokalize sant sante ki pi prè w, tanpri vizite [la](#).

Pwogram Èd pou Pèman Asistans Ospitalye nan New Jersey

Pwogram lan disponib pou pasyan ki etène oswa nan klinik ekstèn nan tout lopital pou swen egi nan New Jersey. Sèvis ki medikalman nesèsè yo [elijible](#) pou pasyan ki reponn ak kritè revni ak patrimwan yo. Pou plis enfòmasyon, tyeke [anglè](#) ak [espanyol](#).

Sipò pou Sante Mantal

[Mental Health Cares](#) ofri enfòmasyon sou sante konpòtmantal ak referans pou moun ki bezwen sipò emosyonèl oswa lòt pwoblèm sante. Yo disponib 7/7 sòti 8è nan maten rive 8 è nan aprèmidi nan 1-866-202-HELP (4357) oswa voye NJHOPE nan 51684.

988 Suicide & Crisis Lifeline Si ou gen panse suisidè oswa si ou gen yon kriz ki gen rapò ak sante mantal ou oswa ak toksikomani, rele oswa voye yon mesaj tèks nan 988.

Itilizatè lang siy yo ka rele videyofòn lan nan 973-870-0677 pou sipò emosyonèl.

Moun ki bezwen èd pou tretman toksikomani ka rele 1-844-ReachNJ (1-844-732-2465) 24 sou 24, 7 sou 7 pou yo ka mete yo an relasyon ak yon tretman kenpòt si yo gen asirans oswa non.

Kouvèti medikal

New Jersey Medicaid yo konnen tou sou non NJ FamilyCare bay asirans maladi gratis oswa a ba pri pou fanmi oswa moun ki elijib sa gen ladn l fanm ansent, timoun ak moun andikape. Moun yo ka fè oto evalyasyon pou NJ FamilyCare nan [NJHelps](#) epi aplike sou entènèt nan [NJ FamilyCare](#).

Pwogram Asirans Maladi pou Timoun lan (The Children's Health Insurance Program, CHIP) ofri kouvèti medikal gratis oswa a ba pri pou timoun ki gen mwens pase 19 an ki ranpli kèk kondisyon revni famiyal. Pou w aplike, tanpri vizite [sit entènèt NJ FamilyCare](#).

Elijibilite Imigran yo pou Medicaid

Timoun ki gen 18 lane oswa mwens ak fanm ansent ki legalman prezan ka aplike pou NJ FamilyCare kenpòt dat yo te antre Etazini. Yo pa gen pou yo ret tann senk lane pou yo ka elijib. Adilt ki legalman rezidan pèmanan Ozetazini dwe gen estati depi pou pi piti senk lane pou yo ka elijib pou NJ FamilyCare. Tanpri kontakte NJ FamilyCare pou [elijibilite](#).

Pwogram Pèman Ijans Medikal

Si ou menm oswa timoun ou yo se rezidan New Jersey, te gen yon ijans medikal yon ti tan anvan sa epi nou pa elijib pou NJ FamilyCare paske nou pa ranpli kondisyon sitwayènte/imigrasyon, ou menm oswa timoun ou o ka kalifye pou pèman kèk sèvis medikal ijan atravè NJ.

Pou yon moun ka gen aksè ak Pwogram Pèman Ijans Medikal la, li dwe:

- *se yon rezidan ki etabli nan New Jersey;*
- pa gen okenn dokiman Sitwayen ameriken ak Sèvis Imigrasyon (U.S. Citizenship and Immigration Service, USCIS); oswa
 - gen yon estati legalman prezan (kat vèt oswa kèk viza) oswa yon lòt estati imigrasyon ak restriksyon men te antre Ozetazini 22 dawout 1996 oswa apre epi ou pa rete Ozetazini pandan 5 lane; oswa
 - se yon non imigran (etidyan, pitit yon travayè oswa yon vizitè ki an vwayaj pou biznis)
- gen yon revni ki nan valè estanda apwopriye a pou gwosè fwaye ou a
- reponn ak tout lòt kondisyon pou kalifikasyon Medicaid yo.

Kòman mwen ka aplike pou yon Pwogram Pèman Ijans Medikal pou rezidan san papye?

Lè yon evènman medikal ijans rive jan sa dekri pi wo a, lopital la ap lanse yon pwosesis demann pou Pwogram Pèman Ijans Medikal.

- Lopital la ap asire ke yo ranpli demann lan ansanm ak dokiman nesèsè yo anvan yo egzeyate yon moun.
- Lopital la ap voye dokimantasyon an bay konsèy sèvis sosyal konte apwopriye a, kote y ap fin gade si li elijib.
- Si yo bezwen plis enfòmasyon, konsèy la ka kontakte demandè a oswa reprezantan li pou lòt enfòmasyon anplis Y ap voye avi sou detèminasyon elijibilite a nan adrès ki sou demann lan.
- Depi yo fin detèmine yon moun elijib, y ap soumèt reklamasyon yo bay Medicaid pou pèman.

Get Covered NJ - asirans maladi gras ak Lalwa sou Swen Abòdad

Nouvo arivan yo elijib tou pou plan asirans maladi yo selon Lalwa sou Swen Abòdad. [Get Covered NJ](#) se mache ofisyèl plan sante New Jersey pou plan sa yo. Nouvo moun ki vini yo gen posibilite pou yo postile nan 60 jou aprè yo fin rive oswa tann enskripsyon kòmanse soti 1^e novanm rive 31 janvyè.

Ou Bezwen Enskri Timoun Ou an Lekòl?

New Jersey ofri yon lekòl piblik gratis depi nan kindergaten (k) a 5 an rive nan 12^{èm} ane, nan distri eskolè kote w ap [viv la](#).

Head Start se yon pwogram preparasyon pou lekòl pou timoun yo jiska laj 5 lane, gratis pou fanmi ki gen yon fèb revni, kenpòt estati imigrasyon yo, selon [elijibilite yo](#).

Vaksinasyon

Elèv ki pa gen pran vaksen obligatwa ka paka frekante lekòl la jiskaske yo pran vaksen apwopriye yo oswa soumèt yon fòmilè egzanpsyon bay enfimyè lekòl la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen yo egziye yo ak kòman ou ka soumèt dokiman yo lè w klike [la](#).

Ou Bezwen Idantifikasyon?

Yo bay **kat idantifikasyon Eta a oswa kat idantifikasyon ak foto** bay rezidan New Jersey yo kenpòt estati imigrasyon yo. Se sèlman yon kat idantifikasyon epi yo paka itilize li pou kondwi.

Pèmi kondui New Jersey se yon lòt fòm idantifikasyon Eta a epi li nesesè pou w jwenn dwa pou w kondui. Tout kandida ki mande yon [Pèmi Kondui nan New Jersey](#) dwe elijib pou sa epi pase yon egzamen [ekri](#) ak yon [egzamen konduit](#). Ou ka jwenn yon lisans New Jersey kenpòt estati imigrasyon ou.

Ou ka aplike an pèsòn nan lokal [New Jersey Motor Vehicle Commission](#).

Yon altènatif pou kat idantite Eta a se **kat idantite vil la**. Gen kèk vil nan New Jersey ki bay yon kat idantite ak foto pou rezidan yo ki ba yo aksè a divès pwogram ansanm ak rabè nan vil la. Tanpri kontakte biwo [minisipal/majistra lokal](#) pou w verifye si vil ou a ofri kat idantite.

Ou bezwen Transpò?

NJ TRANSIT se yon sistèm transpò nan piblik nan New Jersey. NJ TRANSIT kouvri yon zòn sèvis ak bis, Ray epi metwo leje ki relye prensipal pwèn New Jersey, New York ak Philadelphie.

Ki kote mwen ka jwenn enfòmasyon konsènan tarif yo?

Tarif yo depann de plizyè faktè tankou distans, tip biyè ou achte a, tip transpò itilize a, dat la ak/oswa lè nan jounen an. Pou tarif vwayaj espesifik yo, ou dwe verifye orè ak [enfòmasyon sou itinerè a](#). Yo ka achte tikè pou tout mòd transpò yo sou aplikasyon [NJ TRANSIT](#) lan, nan yon distribitè biyè otomatik oswa nan yon gichè ki gen pèsònèl. Ou ka jwenn enfòmasyon sou estasyon ak adrès yo, paking yo ak lè tikè yo [la](#).

Kisa k ap pase si mwen dwe vwayaje an deyò New Jersey, New York ak Philadelphia?

NJ TRANSIT konekte ak lòt founisè transpò nan zòn sa yo.


- [Amtrak](#) - bay yon sèvis fewovye alantou Northeast Corridor ak sèvis fewovye nasyonal long distans. Kliyan NJ TRANSIT ka konekte ak Amtrak nan estasyon Network, Trenton, Metropark, New York ak Philadelphia 30th Street.
- [BurLink](#) - ap eksplwate yon sèvis transpò nan Konte Burlington apati plizyè estasyon alantou River Line
- [Dock and Roll Shuttle](#) - konekte Konte Monmouth ansanm ak sèvis feri a ak Lower Manhattan.
- [Greyhound](#) - bay sèvis otobis ki konekte vil ak vil nan 2,400 anplasman nan Nò Amerik (North America). Kliyan NJ Transit yo ka konekte ak Greyhound nan estasyon bis Port Authority Bus Terminal, nan estasyon Newark Penn Station, nan estasyon bis Greyhound nan Philadelphia oswa Atlantic City.
- [MTA](#) - eksplwate metwo ak bis New York City, Metro-North Railroad, Long Island Rail Road, ak lòt sèvis epi kliyan yo ka konekte ak sèvis MTA yo nan estasyon New York Penn, estasyon bis Port Authority Bus Terminal oswa George Washington Bridge Bus Terminal.
- [New York Waterway](#) - ofri yon sèvis transbòde a travè Rivyè Hudson ak koneksyon disponib nan Hoboken Terminal, Port Imperial, Exchange Place, Pavonia-Newport ak lòt kote sou rivaj Hudson lan.
- [PATCO](#) - ofri yon sèvis fewovye ant Southern New Jersey ak Philadelphia epi kliyan yo ka pran l nan Walter Rand Transportation Center (Camden) oswa nan Lindenwold.
- [PATH](#) - bay yon sèvis regilye 24 sou 24 ant Newark, Jersey City, Hoboken, ak New York avèk koneksyon nan NJ TRANSIT nan estasyon Newark Penn Station oswa nan tèminal Hoboken Terminal.
- [SEPTA](#) - bay sèvis transpò komen nan Philadelphia ak nan Sidès Pennsylvania. Kliyan NJ TRANSIT yo ka konekte ak sèvis SEPTA nan Trenton Transit Center oswa Philadelphia 30th Street Station.

Bagay ou Dwe Konnen sou Lwa kont Diskriminasyon, Dwa nan Espas Travay ak Resous New Jersey

- Pou enfòmasyon sou lwa New Jersey kont diskriminasyon, tanpri klike [la](#) pou anglè epi [la](#) pou espanyòl.
- Pou enfòmasyon sou kòman pouw depoze yon plent, tanpri klike [la](#) pou anglè [la](#) pou espanyòl.
- Pou enfòmasyon sou pwoteksyon kont asèlman sekyèl, tanpri klike [la](#) pou anglè epi [la](#) pou espanyòl.
- Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon kont diskriminasyon ak asèlman nan lekòl, tanpri klike [la](#) pou anglè epi [la](#) pou espanyòl.

- Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon kont diskriminasyon nan zafè lojman, tanpri klike [la](#) pou anglè epi la pou [espanyòl](#).
- Pou w jwenn enfòmasyon sou pwoteksyon kont diskriminasyon nan zafè lojman ki baze sou sous revni legal ou prevwa itilize pou peye lwaye a, tanpri klike [la](#) pou anglè epi [la](#) pou espanyòl.
- Klike [la](#) pou plis enfòmasyon sou dwa travayè yo nan Depatman Travay ak Devlopman Espas Travay la nan Kominote Imigran ak Refijye yo, Lwa sou Salè yo ak Tan yo, Plent pou Salè yo Volè ak plis ankò.

Pou plis enfòmasyon sou tout nouvo resous nan New Jersey, tanpri konsilte *Gid resous yo nan Depatman Sèvis Sosyal nan New Jersey*. Pou anglè, tanpri klike [la](#). Pou espanyòl, tanpri klike [la](#)



Pou plis enfòmasyon sou *Biwo Nouvo Ameriken* an, tanpri klike [la](#).

Pou wè pake sa a sou entènèt, tanpri eskane kòd QR ki anba a:



Konnen Dwa Ou Yo: Dwa Imigran Yo

Chak moun k ap viv New Jersey oswa ki vizite New Jersey gen dwa yo, kèlkeswa estati sitwayènte yo oswa estati imigran yo. Enfòmasyon sa yo fèt pou ede ou konprann dwa ou yo ak responsablite ou yo lè w ap komini avèk ajan imigrasyon yo, sitou ajan sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) oswa ajan Pwoteksyon Fwontyè Etazini (Customs and Border Protection, CBP).

Tanpri sonje ICE ka antre nan nenpòt espas piblik san yo pa bezwen okenn manda. Espas piblik tankou: zòn espesifik nan espas travay la, antre yon biwo, makèt, magazen yo vann an detay, oswa espas manje nan yon restoran.

Si ou rankontre yon ajan imigrasyon oswa yon lòt ajan fòs lòd nan yon espas piblik:

- Ou ka mande pou wè badj / kat idantifikasyon yo. Si ou gen dout, ou pa fin konnen si ofisye a se yon ajan imigrasyon, ou ka mande ki ajans yo reprezante epi espesyalman si yo se ajan imigrasyon federal.
- Ou ka mande si ou lib pou w ale.
- Ou gen dwa pou w rete an silans epi ou pa oblije reponn kesyon yo. Ou ka di ajan imigrasyon an ou chwazi rete an silans.
- Si ou pa yon sitwayen ameriken epi yon ajan imigrasyon mande papye imigrasyon ou, ou dwe montre yo si ou genyen yo avèk ou. Si ou pa gen dokiman nan moman rankont lan, ou ka di ajan an ou vle rete an silans oswa ou vle konsilte yon avoka anvan ou reponn nenpòt kesyon.
 - Toujou mache ak yon pyès idantifikasyon valab gouvènman ameriken an.
 - Si ou gen dokiman imigrasyon, toujou mache ak papye imigrasyon valab ou yo, ki gen ladan yo kat otorizasyon travay ou, ak kopi I-94s ou yo ak Avi Konvokasyon w yo.
 - Dokiman etranje yo ta dwe toujou rete an sekirite lakay ou.
 - Pa mache ak fo dokiman oswa dokiman ki fèt nan fwod, epi pa janm bay yon ofisye polis oswa yon ajan imigrasyon fo dokiman oswa dokiman ki fèt nan fwod.
- Si yon ajan imigrasyon mande si yo ka fè rechèch sou ou, ou gen dwa pou w di non. Jeneralman, ajan yo pa gen dwa pou fè rechèch sou ou oswa sou byen ou yo san konsantman ou, yon manda ki valab, oswa yon kòz pwobab. Men, si yon ofisye oswa yon ajan fouye ou kanmenm, pa reziste. Ou ka di yo: "Mwen pa dakò pou nou fè fouye. Mwen swete rete an silans. Mwen swete pale ak yon avoka imedyatman sa posib."
- Ou ka mande yon entèprèt si yo pa pale lang ou an.

Fich enfòmasyon sa bay enfòmasyon jeneral sèlman. Fisch enfòmasyon sa a pa bay konsèy jiridik epi li pa ranplase èd jiridik. Sityasyon chak moun diferan. Tanpri konsilte yon avoka pou w jwenn konsèy jiridik sou sityasyon ou an.

Si ajan imigrasyon vini lakay ou:

- Ou ka mande pou wè badj / kat idantifikasyon yo. Si ou gen dout, ou pa fin konnen si ofisye a se yon ajan imigrasyon, ou ka mande ki ajans yo reprezante epi espesyalman si yo se ajan imigrasyon.
- Ou ka mande ofisye yo oswa ajan yo poukisa yo la.
- Yo dwe gen yon manda ki valab pou yo antre. Si yo pa bay yon manda, jeneralman ou pa oblije louvri pòt ou.
 - Si ofisye yo oswa ajan yo di yo gen yon manda, ou ka mande pou wè li (nan yon fenèt oswa y ap glise l anba pòt la, pa egzanp) anvan w kite yo antre.
 - Si se yon tribinal ki te pibliye manda a epi yon jij te siyen l epi li ekri "U.S. District Court" (Tribinal Distri Ameriken) sou li oswa li mansyone yon Tribinal Leta nan tèt la., ofisye a oswa ajan an ka antre lakay ou. Si pa gen yon jij ki siyen dokiman an, ou pa oblije kite yo antre. Ou ka di: "Ou pa gen dwa antre."
 - Yon manda administratif pou kont li **pa** pèmèt ajan yo antre nan espas prive san pèmasyon ou. Manda administratif yo pa soti nan tribinal. Manda administratif yo ekri "Department of Homeland Security" (Depatman Sekirite Enteryè) epi yo sou Fòmèl I-200 oswa I-205 yo.
 - Ajan imigrasyon yo gen dwa antre san pèmasyon ou si gen yon ijans, tankou yon menas pou sekirite piblik oswa yon menas pou lavi yon moun. Men, ou toujou gen dwa pou wè rete an silans epi dokimante entèraksyon an, tankou fè anrejistremant (toutotan ou pa deranje aktivite aplikasyon lalwa yo a).
- Si ofisye yo oswa ajan yo fè fòs pou antre nan kay ou, pa reziste. Ou ka di yo: "Ou pa gen dwa antre. Mwen pa dakò pou nou fouye lakay mwen. Mwen swete rete an silans. Mwen swete pale ak yon avoka imedyatman sa posib."
- Ou ka mande yon entèprèt si yo pa pale lang ou an.

Si yo arete w:

- Pa eseye reziste ak arestasyon an.
- Ou gen dwa pou w mande pou w pale ak yon avoka. Ou ka jwenn yon founisè sèvis jiridik gratis (pro bono) [la a](#).
- Ou pa oblije di anyen, reponn okenn kesyon, pran okenn desizyon, oswa siyen okenn dokiman anvan ou pale ak avoka w la.
- Ou gen dwa pou w mande yon entèprèt.
- Pèsonn pa ka fòse w pran yon desizyon final oswa siyen yon dokiman si ou pa fin byen konprann li.
- Si ou gen dout sou arestasyon pwòch ou a ak sou ki kote yo arete l, ou ka itilize [lokalizasyon prizon ICE a](#).

Resous Siplèman:

- [Biwo Pwogram Sèvis Jiridik pou Nouvo Ameriken yo \(Office of New American's Legal Services Programs\)](#)
- Si ou gen dout sou arestasyon pwòch ou a ak sou ki kote yo arete l, ou ka itilize [lokalizasyon prizon ICE a](#).
- [Founisè sèvis jiridik gratis \(Pro bono\) \(Pro bono legal service provider\)](#)



NJ Immigrant Trust Directive:

- New Jersey Immigrant Trust Directive la limite tip asistans volontè ofisye lalwa New Jersey yo—eta, konte, ak lokal—ka bay otorite imigrasyon federal yo.
- Jeneralman, ofisye lalwa New Jersey yo pa ka kanpe, kesyone, arete, fouye, oswa kenbe nenpòt ki moun sèlman sou baz estati imigre l.
- Yo ka pa ankete tou sou estati imigrasyon yon moun epi yo jeneralman pa ka patisipe nan operasyon sivil aplikasyon lalwa sou imigrasyon.
- Gen plizyè eksepsyon ak eskizyon nan Immigrant Trust Directive la. Tankou, li pa limite oswa entèdi ofisye lalwa New Jersey yo aplike lwa penal New Jersey oswa konfòme yo avèk manda jidisyè valab oswa lòt òdonans tribinal yo.
- Enfòmasyon sou Immigrant Trust Directive la disponib sou <https://www.njoag.gov/trust/>.
- Pou sinyale yon vyolasyon potansyèl Directive la, kontakte depatman lapolis ki konpetan oswa biwo pwokirè konte a.

Atansyon pou w pa viktim Fwod

Endividi malonèt k ap pretann yo se "konsiltan nan imigrasyon," "notè" oswa "avoka", yo se raketè k ap pretann yo ka bay sèvis imigrasyon pou yo ka manje lajan moun ki pa vrèman pale Anglè yo. Se sèlman avoka ak reprezantan otorize USCIS ki gen dwa pou yo prepare dokiman legal tankou fòmilè pou imigrasyon yo, pou yo bay konsèy legal sou zafè ki konsène imigrasyon oswa pou yo reprezante kliyan yo nan yon pwosesis legal.

- Yon avoka dwe gen yon lisans ki valab pou pratike dwa. Pifò eta yo gen yon [baz done rechèch piblik](#) pou avoka ki gen lisans yo.
- Yon reprezantan ki akredite dwe gen fòmasyon ak otorizasyon nan men gouvènman ameriken an pou ede moun ki nan demach imigrasyon. Ou ka chèche òganizasyon an ak moun nan sou lis [reprezantan](#) akredite gouvènman yo.

Pa ezite poze kesyon. Ou ka mande yon avoka oswa yon reprezantan akredite pale sou fòmasyon, eksperyans, ak sètifikasyon li. Ou ka mande tou pou w konnen estati ak delè pou ka w la, yon kopi konplè tout dosye oswa dokiman, yon akò ekri ki eksplike sèvis yo, ak nenpòt lòt bagay ou ta renmen genyen oswa konnen.

Pou sinyale eskwokri nan imigrasyon, tanpri kontakte Divizyon Afè Konsomatè New Jersey (Division of Consumer Affairs, DCA): 1-800-242-5846 (Apèl gratis pou moun ki New Jersey). NJ DCA resevwa kominike nan men tout moun kèlkeswa sitwayènte yo oswa estati imigran yo, epi anplwaye DCA yo pa poze kesyon sou sitwayènte oswa estati imigran.

Plis Enfòmasyon isit la:



NEW JERSEY DEPARTMENT OF HUMAN SERVICES

New Jersey Human Services is here to help you and your family.

GET HELP WITH:



AFFORDING HEALTH CARE COVERAGE

Visit www.NJFamilyCare.org
1-800-701-0710



AFFORDING GROCERIES

Visit www.NJSNAP.gov
1-800-687-9512




INCOME ASSISTANCE FOR INDIVIDUALS AND FAMILIES

Visit NJHelps.org



CHILD CARE

Visit www.ChildCareNJ.gov
1-800-332-9227



ADDICTION TREATMENT AND RECOVERY

Call 844-REACHNJ



MENTAL HEALTH & EMOTIONAL SUPPORT

Suicide & Crisis Lifeline 988
NJMentalHealthCares 866-202-HELP
ASL Videophone 973-870-0677



SUPPORTS FOR OLDER RESIDENTS

Call 877-222-3737



SERVICES FOR INDIVIDUALS WITH DISABILITIES

Call 888-285-3036



State of New Jersey



Department of Human Services